

# Ki medikaman ou ka pran san danje pandan ou ansent?

Itilize tablo sa a pou konnen ki medikaman san preskripsyon ou ka pran san danje pandan ou ansent.

Si w gen:	Ou ka pran:	Fason pou pran medikaman an:
Lafyèw, ti doulè oswa ti tètfe mal	<b>1.) Tylenol Extra Strength</b> 500mg (asetaminofèn)	<b>1.)</b> Pran 2 konprime chak 4 a 6 èdtan. Pa pran plis pase 8 konprime nan 24 èdtan.
Tous ak rim	<b>1.) Robitussin Mucus and Congestion</b> 200mg (gwayfenesin) <b>2.) Chlorpheniramine</b> <b>3.) Mucinex</b>	<b>1.)</b> Pran 10-20ml chak 4 èdtan. Bouchon boutèy la gen yon gode pou mezire k ap ede w wè sa ki 10-20ml. Pa pran plis pase 6 fwa nan 24 èdtan. <b>2.)</b> Pran 1 konprime chak 4 a 6 èdtan. Pa pran plis pase 6 konprime nan 24 èdtan. <b>3.)</b> Pran 1-2 konprime chak 12 èdtan selon sa ou bezwen. Pa pran plis pase 4 konprime nan 24 èdtan. Pa ni kraze, ni koupe ni moulen konprime a. Pran l ak yon gwo vè dlo.
Nen bouche	<b>1.) Saline spray</b> <b>2.) Afrin</b> (azelastin)	<b>1.)</b> Flite 1 fwa nan chak twou nen, lè ou bezwen l. <b>2.)</b> Flite l 2 oswa 3 fwa nan chak twou nen, chak 10 a 12 èdtan. Pa pran l plis pase 2 fwa pa jou.
Nen k ap koule oswa alèji	<b>1.) Xyzal</b> 5mg (levosetirizin) <b>2.) Claritin</b> 10mg (loratadin) <b>3.) Zyrtec</b> 10mg (setirizin) <b>4.) Benadryl</b> 25 mg (difenidramin) <b>5.) Visine-A</b> (nafazolin oftalmik) <b>6.) Flonase Allergy Relief</b>	<b>1.)</b> Pran yon konprime 5mg yon fwa pa jou. <b>2.)</b> Pran yon konprime 10mg yon fwa pa jou. <b>3.)</b> Pran yon konprime 10mg yon fwa pa jou. <b>4.)</b> Pran 1 konprime chak 6 èdtan. <b>5.)</b> Lage 1-2 gout nan je a(yo) selon sa ou bezwen, jiska 4 fwa pa jou. <b>6.)</b> Flite l 1 oswa 2 fwa nan chak twou nen, chak 10 a 12 èdtan. Pa pran l plis pase 2 fwa pa jou.
Lestomak boule	<b>1.) Tums</b> (kabonat kalsyòm) <b>2.) Pepcid AC</b> 10mg (famotidin)	<b>1.)</b> Pran 2-4 grenn. Pa pran plis pase 9 grenn nan 24 èdtan. <b>2.)</b> Pran 1-2 grenn pa jou si gen bezwen. Pran 15-60 minit anvan ou manje pou evite sentòm yo. Pa pran plis ke 2 grenn nan 24 èdtan.
Difikilte pou dòmi	<b>1.) Benadryl</b> 25mg(difenidramin) <b>2.) Unisom Sleep Tablets</b> (konprime doksilamin)	<b>1.)</b> Pran 1 oswa 2 konprime lè ou pral dòmi. Pa pran plis pase 12 konprime nan 24 èdtan. <b>2.)</b> Pran 1 konprime nan bouch lè ou pral dòmi selon sa ou bezwen. Pran l 30 minit anvan ou pral dòmi.

Si w gen:	Ou ka pran:	Fason pou pran medikaman an:
Endijesyon	<b>1.) Pepcid AC 10mg (famotidin)</b> <b>2.) Mylanta Maximum Strength</b>	<b>1.)</b> Pran 1-2 grenn pa jou si gen bezwen. Pran 15-60 minit anvan ou manje pou evite sentòm yo. Pa pran plis ke 2 grenn nan 24 èdtan.  <b>2.)</b> Pran 10-12mL nan bouch selon sa ou bezwen. Pa pran plis pase 60mL nan 24 èdtan. Pa pran l pandan plis pase 1 semèn.
Enfeksyon chanpiyon	<b>1.) Monistat-7 (mikonazòl-7) ak Clotrimazole 1%</b> <b>2.) Clotrimazole 2%</b>	<b>1.)</b> Mete aplikatè a nan vajen an. Peze l dousman pou krèm nan ka soti. Fè sa yon fwa pa jou (lè ou pral dòmi) pandan 7 jou.  <b>2.)</b> Mete aplikatè a nan vajen an. Peze l dousman pou krèm nan ka soti. Fè sa yon fwa pa jou (lè ou pral dòmi) pandan 3 jou.
Iritasyon sou po a	<b>1.) Aveeno Anti Itch Concentrated Lotion/Caladryl, 1% Hydrocortisone, A&amp;D ointment</b> (pase l selon sa ou bezwen)	<b>1.)</b> Pase l sou pati ki afekte a sou po a selon sa ou bezwen jiska 4 fwa pa jou.
Pou	<b>1.) Nix Shampoo</b> <b>2.) Rid Shampoo</b>	<b>1.)</b> Pase chanpou a sou pati ki afekte a yon sèl fwa. Ou ka fè l ankò apre 7 jou.  <b>2.)</b> Pase chanpou a de fwa chak 7-10 jou.
Emowoyid	<b>1.) Tucks Wipes</b> <b>2.) Preparation H</b> <b>3.) Anusol-HC</b>	<b>1.)</b> Sèvi ak ti twal yo selon sa ou bezwen jiska 6 fwa pa jou.  <b>2.)</b> Sèvi avè l selon sa ou bezwen jiska 4 fwa pa jou. Itilize aplikatè a pou mete medikaman an nan twou deyè w.  <b>3.)</b> Pase l pa deyò a 2-4 fwa pa jou apre w fin poupou.
Konstipasyon	<b>1.) Milk of Magnesia</b> <b>2.) Colace</b>	<b>1.)</b> Pran 15-30mL pa jou selon sa ou bezwen, jiska 4 fwa pa jou. Pa pran plis pase 60mL nan 24 èdtan.  <b>2.)</b> Pran 1 konprime 2-3 fwa pa jou selon sa ou bezwen, jiska 7 jou.

**Medikaman sou preskripsyon:** Si pwofesyonèl sante w mande medikaman sou preskripsyon sa yo pou ou, ou mèt pran yo jan li mande w sa: **Amoxicillin, Penicillin, Augmentin, Cephalexin, Keflex, Clindamycin, Z-Pack, Azithromycin ak Macrobid.**